

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl sekirite pandan loraj

Yo konsidere yon loraj grav lè li prodwi lagrèl ki gen omwens yon (1) pou dyamèt oswa van ki soufle omwens a 58 mil pa è. Chak loraj prodwi zeklè ki tiye plis moun chak ane pase ni tònad ni siklòn. Gwo lapli ki tonbe ak loraj yo kapab provoke inondasyon eklatè e gwo van kapab domaje kay yo, derasinen pye bwa yo ak pote sèvis elektrik ak telefòn, epi provoke yon blakawout jeneralize.

Aprann diferans ki genyen yo

Siveyans gwo loraj—Se posib pou yon gwo loraj eklate nan zòn siveyans la oswa toupre. Enfòmè w pou w kapab ajè san pèdi tan sizoka yon gwo difize yon avètisman pou gwo loraj.

Avètisman pou gwo loraj—Obsèvatè ansanm ak rada rapòte yon move tan malouk ap devlope. Avètisman yo endike gen yon danje iminan pou lavi moun yo ak pou byen ak kay yo.

Chak ane gen moun ki mouri oswa yo resevwa gwo blesi poutèt loraj yo atout avètisman yo. Se vre gen kèk moun ki pa tande avètisman an, gen lòt ki tande l men yo deside pa okipe li. Enfòmasyon n ap bay annapre a, ansanm ak siveyans an dirèk ak avètisman lè gen move tan malouk, kapab ede sove lavi moun.

Kijan mwen kapab pare kò m ann avans ?



- Aprann plis enfòmasyon konsènan plan repons kominote w pou gwo loraj.
- Diskite, pale ak tout manm fanmi w osijè sekirite pou yo pran pandan yon gwo loraj.
- Chwazi yon kote ki san danje lakay ou pourasanble tout moun pandan yon loraj. Kote sa a ta dwe lwen tout fenèt, twou limyè, pòt vitre van an oswa lagrèl kapab brize.
- Fè yon lis atik pou w pote anndan pyès sa a sizoka gen yon gwo loraj.
- Fè yon fason pou pye bwa yo ansanm ak plant yo li solid; pou sa, koupe branch ki kase yo e taye branch ki domaje yo.
- Pwoteje bèt ou yo; asire w kaj kote yo ye nan lakou a pwoteje menm jan ak kay pa w.
- Konsilte Depatman Ponpye lokal la si w gen lentansyon enstale yon paratonè.
- Patisipe nan yon fòmasyon premye swen pou aprann kijan pou ajè lè gen ijans.
- Pare yon twous preparasyon pou ijans :
 - Dlo—yon galon pou chak pèsòn, pa jou
 - Manje—ki pa gate fasil e ki fasil pou pare
 - Yon flach
 - Yon radyo ki mache ak pil oswa ak yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib)
 - Yon rezèv pil oswa yon twous premye swen.
 - Medikaman (yon rezèv pou 7 jou) ak atik medikal
 - Zoutik miltifonksyonèl
 - Atik sanitè ak pou liyèn pèsònèl
 - Kopi dokiman pèsònèl
 - Selilè avèk chajè yo
 - Enfòmasyon pou kontakte fanmi w ak pèsònèl pou ijans
 - Lajan kach

Kisa mwen ta dwe fè pandan yon gwo loraj ?



- Koute nouvel lokal oswa Radyo Lameteyo NOAA pou konnen dènye nouvel ijans. Obsève syèl la pou w konnen si yon tanpèt ap vini, si syèl la ap vini pi fonse, si zeklè ap klere oswa si van an ap ogmante.
- Repòte tout aktivite ou te prevwa pou fè deyò si loraj menase pou li eklate. Gen anpil moun zeklè frappe atout yo pa t nan zòn kote lapli t ap tonbe.
- Si yo difize yon avètisman pou gwo loraj, ale jwenn pwoteksyon anndan yon bilding ki solid oubyen anndan yon veyikil avèk tout fenèt yo fèmen. Pa rete nan yon woulòt (mobile home) yon gwo kapab kapote l.
- Si w kapab tande loraj la, ou ase pre pou zeklè yo frappe w. Si loraj la ap gronde, rantre anndan kay la ! Sèvis Metewolojik Nasyon rekòmande pou yo rete anndan kay la omwens 30 minit apre loraj la te eklate pou dènye fwa.
- Evite sèvi ak ekipman elektrik ak telefòn. Itilize televizyon e radyo ki mache ak pil de preferans.
- Enstale "shutter" (klouwe planch plywood) devan fenèt yo e fèmen pòt yobyen solid. Pa rete pre fenèt yo.
- Pa benyen, ni pran douch ni pa sèvi ak sistèm plonbri a.
- Si w sou wout w ap kondwi, eseye kite wout la e pake machin la. Rete anndan machin la e limen kliyotan ijans yo jis lè gwo lapli a rete. Evite touche yon metal oswa nenpòt ki lòt sifas ki mennen elektrikite anndan ak andeyò machin la.
- Si w deyò e ou pa kapab jwenn yon bilding ki ba w pwoteksyon, evite kote ki wo yo, evite dlo; pye bwa ki izole; ak objè metal tankou kloti oswa gradèn. Abri pou piknik, fos-rezèvw a oswa ti kabàn nan jaden PA bay pwoteksyon.

Kisa pou m fè apre yon gwo loraj ?



- Pa janm kondwi machin ou sou yon wout ki anba dlo. Vire volan an, pa nwaye !
- Rete lwen tout zòn loraj la te domaje pou w pa mete w an danje poutèt efè gwo loraj la.
- Kontinye tande Radyo Lameteyo NOAA oswa stasyon radyo ak televizyon lokal pou w jwenn dènye enfòmasyon yo oswa enstriksyon, paske se posib kèk wout nan kominote a kapab bloke.
- Ede moun ki bezwen yon asistans espesyal, tankou tibebe, timoun ak granmoun oswa moun ki andikape.
- Pa pwoche kab elektrik ki tonbe e rapòte yo touswit.
- Siveye bèt ou yo byen. Kenbe yo anba kontwòl ou.

Si zeklè frappe ...

Swiv etap sa yo si zeklè frappe yon moun :

- Rele pou mande asistans.** Rele 9-1-1 oswa nimewo pèsònèl ijans lokal la. Nenpòt zeklè, frappe bezwen swen m medikal pwofesyonèl.
- Kontwole si moun la brile oswa si li gen lòt blesi n.** Si moun lan te sispann respire, rele 9-1-1 e kòmanse fè respirasyon kadyako-pilmonè (oswa CPR nan lang Angle). Si moun lan ap respire nòmalman, kontwole si l pa gen lòt blesi e swen yo si sa nesèsè. Moun zeklè te frappe pa konsève yon chaj elektrik e ou li posib pou yon manyen yo sna danje.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w sibi yon dezast, enskri w sou sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele San dajè ak anfòm ki disponib gras a RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi w ak zanmi w konnen. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri w ansanm ak fanmi w.



Si w bezwen plis enfòmasyon sou preparasyon pou dezast ak ijans, ale nan RedCross.org.